

Lis Verifikasyon Dwa Edikasyon Elèv

Non:			Dat:
Enstriksyon: Tanpri koche nan ti kare a si w te itilize oswa benefisyé de dwa edikasyon an.			
Koche ✓	Dwa Edikasyon	Kontinye parèt nan IEP a jiska lafen (FAPE)	
Kòmanse ak IEP a pou l antre an vigè nan laj 12 lane, oswa pandan 7yèm ane, elèv yo gen dwa pou:			
	Resevwa envitasyon pou asiste epi patisipe nan reyinyon Plan Edikasyon Endividiyèl yo (Individual Education Plan, IEP).	X	
	Genyen bezwen, preferans, ak enterè pran an konsiderasyon nan devlopman IEP a.	X	
	Enplike nan idantifye bezwen sèvis tranzisyon yo.	X	
	Patisipe nan diskisyon sou objektif pòs-segondè ki ka mezire ak lòt konpozan IEP a, tankou akomodasyon.	X	
	Pale sou pakou gradyasyon ak deziyasyon diplòm yo (Bous ak/oswa Domèn Bous) nan reyinyon IEP a.	X	
	Ajoute kòmantè konsènan moun anplis yo ta renmen ki patisipe nan devlopman IEP yo a.	X	
	Resevwa enstriksyon ak/oswa enfòmasyon sou oto-detèminasyon si sa nesesè pou yo patisipe yon fason aktif e efektif nan reyinyon IEP yo epi defann tèt yo.	X	
	Resevwa enfòmasyon nan reyinyon IEP yo konsènan sèvis tranzisyon nivo lekòl segondè nan distri lekòl la, karyè ak edikasyon teknik (career and technical education, CTE), ak pwogram kolèj ki disponib pou elèv ki gen andikap ak fason pou w jwenn aksè ak pwogram sa yo; epitou sou pwogram tranzisyon ki baze nan lekòl ak pwogram ak sèvis ki disponib atravè Sant Florida pou Elèv ki gen Talan Inik yo (Florida's Center for Students with Unique Abilities, FCSUA), Sant pou Viv Endepandan nan Florida yo (Florida Centers for Independent Living, FL CIL), Divizyon Reyabilitasyon Pwofesyonèl la (Vocational Rehabilitation, VR), Ajans pou Moun Andikape yo (Agency for Persons with Disabilities, APD), ak Divizyon Sèvis pou Avèg yo (Division of Blind Services, DBS).	X	
Kòmanse ak IEP a pou l antre an vigè nan laj 14 lane, oswa premye jou lekòl segondè a, elèv yo gen dwa pou:			
	Ajoute sa ki gen rapò ak kalite diplòm elèv la ap travay pou li jwenn oswa si elèv la pral travay pou l genyen yon deziyasyon diplòm (Bous ak/oswa Domèn Bous).	X	
	Ajoute kòmantè sou devlopman objektif apre lekòl ki ka mezire ki baze sou yon evalyasyon tranzisyon ki adapte avèk laj nan domèn edikasyon epi/oswa fòmasyon, travay, san wete objektif karyè, ak viv poukонт yo (si sa apwopriye); epi revize objektif yo omwen chak ane epi fè mizajou si sa nesesè.	X	
	Ajoute kòmantè nan pwosesis IEP a kote y ap idantifye sèvis tranzisyon ak domèn etid ki nesesè pou asiste elèv la nan atenn objektif apre lekòl ki ka mezire li yo ki baze sou yon evalyasyon tranzisyon ki adapte avèk laj, nan chak domèn aktivite sèvis tranzisyon ki nesesè.	X	
	Resevwa enfòmasyon epi chwazi si w ap patisipe nan sèvis tranzisyon anvan travay (pre-employment transition services, Pre-ETS). Yo ofri sèvis sa yo atravè Reyabilitasyon Pwofesyonèl gratis e yo gen ladan yo 1) Konsèy pou Eksplor Travay, 2) Fòmasyon Preparasyon pou Travay, 3) Fòmasyon pou Defans Pèsonèl ak Kamarad, 4) Konsèy Edikasyon Apre Lekòl Segondè, epi 5) Eksperians Aprantisaj sou baz Travay. Yo dwe bay elèv yo ak paran yo enfòmasyon konsènan Reyabilitasyon Pwofesyonèl nan laj 12 lane oswa 7 ^{yèm} ane, men sèvis tranzisyon anvan travay pa disponib jiska laj 14 lane.	X	
	Entegre nan konvèssasyon ki fèt sou pwosesis ki pèmèt yon elèv ki gen yon andikap ki ranpli kondisyon pou jwenn yon diplòm etid segondè estanda pou repòte posibilité pou jwenn diplòm sa a epi kontinye resevwa edikasyon publik gratis ki apwopriye (free appropriate public education, FAPE).	X	

Omwen yon lane anvan yon elèv la genyen 18 lane epi apre sa, elèv la gen dwa pou:		
	<p>Li konnen ke dwa paran yo ap transfere bay elèv la lè li gen 18 lane. Sa gen ladann dwa edikasyon, tankou dwa pou li bay/revoke konsantman pou sèvis, yon evalyasyon oswa yon reyevalyasyon, pou envite reprezantan ajans nan reyinyon IEP yo, elatriye.</p>	
	<p>Resevwa enfòmasyon ak enstriksyon, ansanm ak paran I, sou oto-detèminasyon ak dwa legal ak responsablite konsènan desizyon edikasyon ki transfere bay elèv la lè li vin genyen laj 18 lane ak aprè sa. Enfòmasyon an dwe gen ladan I fason etidyan kapab bay konsantman eklere pou otorize paran li yo kontinye patisipe nan desizyon k ap pran sou edikasyon yo, tankou: 1) Konsantman eklere pou bay aksè ak dosye konfidansyèl ki pwoteje yo selon Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak sou Vi Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) jan sa dekri nan seksyon 1002.22, Lwa Florida (F.S.); 2) Pwokirasyon jan sa dekri nan Chapit 709, F.S.; 3) Defans responsab legal jan sa dekri nan s. 393.12, F.S.; 4) Responsablite legal jan sa dekri nan Chapit 744, F.S.; 5) Sipòte akò sou desizyon ki pran jan sa dekri nan s. 709.2209, F.S.</p> <p>Remak: Pou yon elèv ki gen andikap ki rive laj 18 lane e ki nan prizon nan yon etablisman jistis pou jèn oswa etablisman koreksyonèl lokal, tout dwa yo te bay paran yo transfere bay elèv la, sa gen ladann dwa pou avi. Pou elèv ki nan prizon nan etablisman koreksyonèl eta a, tout dwa yo te bay paran yo transfere bay elèv la, kèlkeswa laj elèv la.</p>	X
Anvan ane yo prevwa elèv la ap ranpli egzijans gradyasyon yo (rive nan laj 21 lane), yo gen dwa pou:		
	<p>Resevwa enfòmasyon konsènan ajoune resepsyon diplòm lekòl segondè estanda a, sa gen ladann egzijans pou fè sa. Paran elèv la oswa elèv la si dwa yo te transfere, ap siyen yon deklarasyon ki di li konprann pwoesisis pou ajoune a ak desizyon pou ajoune a. <i>Remak: Etandone elèv la ka ajoune, desizyon pou ajoune a ka gen mizajou (alekri) jiska 15 Me nan ane elèv la ap ranpli egzijans pou gradyasyon yo. Elèv yo ak fanmi yo sipoze note ke menmsi desizyon an ka chanje jiska 15 Me, planifye pou ajoune pi bonè ka gen avantaj ladann, tankou respekte delè aplikasyon yo.</i></p>	X
Depi li vin gen 18 lane, elèv yo gen dwa pou:		
	<p>Jwenn enfòmasyon alekri ke lè yon elèv ki gen andikap rive nan laj 18 lane, (sof pou yon elèv ki gen andikap ke yo te detèmine ki enkonpetan anba lwa eta a oswa ki te genyen yon responsab legal yo te mete pou defann ni nan kad desizyon sou edikasyon k ap pran jan sa di nan seksyon 393.12, F.S.), dwa pou avi a toujou la kòm yon dwa ki pataje ant paran an ak elèv la.</p> <p>Tout lòt dwa yo te bay paran yo anba Règ 6A-6.03011 atravè 6A-6.0361 (4)(e), F.A.C., transfere bay elèv la.</p>	
	<p>Etandone dwa yo transfere bay elèv la ki majè, li gen dwa pou I di ki fason paran yo pral enplike nan desizyon edikasyon li, sa gen ladann envite paran yo nan reyinyon IEP yo.</p>	X
Lè y ap gradye ak yon diplòm estanda oswa li vin gen twòp laj pou sistèm eskolè a nan laj 22 lane, elèv yo gen dwa pou:		
	<p>Resevwa yon rezime pèfòmans (summary of performance, SOP). SOP a dekri nivo aktyèl akonplisman akademik ak pèfòmans fonksyonèl elèv la e li gen ladann rekòmandasyon konsènan asistans ki nesesè pou atenn objektif pòs-segondè yo, tankou akomodasyon esansyèl ak/oswa teknoloji pou bay asistans. Yo konsidere se pi bon pratik la pou enplike elèv yo nan devlopman SOP a.</p>	X